



Reyinyon Komisyon Morrissey Boulevard

Kisa k ap pase?

Premye reyinyon pou Komisyon Morrissey Boulevard la ap fèt madi 28 novanm 2023 soti 6:00 p.m. pou rive 8:00 p.m. Reyinyon an ap fèt an pèsòn avèk yon opsyon vityèl epi li ap ouvè pou piblik la. Tanpri sonje n ap anrejistre reyinyon sa a.

Nan reyinyon sa a, n ap fè prezantasyon manm Komisyon an epi n ap fè prezantasyon yon evalyasyon etid sou kondisyon transpò miltimodal ki genyen kounye a ak sa k ap genyen alavni nan zòn nan. Epi apresa ap gen yon diskisyon pami manm Komisyon an ak yon peryòd kòmantè pou piblik la.

Ki lè l ap fèt

Madi 28 novanm 2023
6:00 p.m. – 8:00 p.m. EST

Ki kote l ap fèt

Southline Boston
135 Morrissey Boulevard
Boston, MA 02125



Visite <https://www.mass.gov/k-circle-morrissey-study> pou jwenn plis enfòmasyon sou reyinyon an epi pou w enskri pou patisipasyon vityèl.



Reyinyon sa a aksesib pou moun ki gen andikap ak moun ki gen konesans limite nan lang anglè. MassDOT ofri aranjman rezonab epi/oswa asistans nan kesyon lang gratis lè moun fè demann nan, epi lè sa a apwopriye. Pou fè demann ed pou aranjman oswa lang, tanpri kontakte Chèf Divèsite MassDOT ak Biwo Dwa Sivil nan telefòn (857) 368-8580, faks (857) 368-0602, relè 7-1-1, oswa pa imèl sou MassDOT.CivilRights@dot.state.ma.us. Nou dwe fè demann nan pi bonè posib anvan reyinyon an, epi pou sèvis ki difisil pou òganize li gen ladan l lang siy, CART, oswa pou tradiksyon oswa entèpretasyon lang nou dwe fè demann nan omwen dis (10) jou ouvrap anvan reyinyon an.